**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки РД**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД "Новохелетуринская СОШ Ботлихского района"**

| | |
|---|---|
| РАССМОТРЕНО<br>Руководитель ШМО<br>Магомедова А.А. | УТВЕРЖДЕНО<br>И.о. директора школы<br>Идрисов.Р.Л<br>Приказ №32 от 31.08.2023г. |

# АВАР МАЦI

## ХIалтIул программа

## 3 класс

Магомедова Ашура Ахмедовна

## Авар мацI

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвада-чIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун.

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьелъул кьучIалда цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи лъугьинаби);
2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари цебетIезаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мацI лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тIуразе:

тIолго инсаниябгин моралияб бечелъи ботIролъе боси, творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби; сверухъ бугеб хIакъикъаталъул, гIадамазул жамгIияталъул ва тIабигIаталъул хIакъалъулъ лъималазул бугеб цо чIванкъотIараб бичIчIи бечелъизаби;

жалго жидедаго чIун, хIалтIиялъул къагIидаби лъай;

цIалул дарсазде, тIехьалде (лъаялъул иццалде) интерес бижизаби.

Авар мацI лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздасан. Гьелъул магIна ккола щивав цIалдохъанасул хаслъи хIисабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бичIчIи.

## Курсалъул гIаммаб характеристика

Авар мацIалъул кумекалдалъун программаялъ кIвар буссинабун буго «Филология» абураб гIелмияб бутIаялъул гьал хадусел масъалаби тIуразариялде:

1. Дагъистаналъул мацIал ва маданиятал батIи-батIиял рукIиналъул ва гьел цоцада рухьарал рукIиналъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьинаби;
2. КIалзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебетIезаби;
3. Цоцада хурхен гьабиялъулаб бажари цебетIезаби;
4. РухIияб ва эстетикияб бичIчIи лъугьин;
5. Творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби.

Рахьдал мацI малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби тIуразаризе рихьизарун руго:

- цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мацIалъул алатал тIаса рищиялъул бажари, цIалдохъабазул калам, рекIелъ щибниги жо цебечIезабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебетIезабизе;

- авар мацIалъул гIуцIиялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул, орфоэпиялъул, морфемикалъул (рагIул гIуцIиялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул хIакъалъулъ бищунго гIадатиял баянал цIалдохъабазе щвей;

- жиндирго пикру бицине, захIматаб гуреб хъвавул текст гIуцIизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, битIун хъвазе ва цIализе бугеб бажари лъугьинаби;

- жиндирго калам камиллъизабизе хIаракат бахъи, мацI лъазабизе гъира бижизаби, мацIалъул бацIцIалъи цIуниялъулъ жалги гIахьалал рукIин цIалдохъабазда бичIчIи, гьезулъ мацIалдехун бугеб къиматаб бербалагьи цIикIкIинаби.

Авар мацIалъул курс байбихьула хъвазе-цIализе малъиялдаса. Хъвазе-цIализе малъула сентябралдаса байбихьун апрелалде щвезегIан. Лъималазда материал лъаялда бан, мугIалимасул ихтияр буго хъвай-цIали малъизе бихьизабураб заман дагь гьабизе, ялъуни цIикIкIинабизе. Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгин синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъиялъул масъалаби цIализе малъиялъул дарсаздаги хъвадаризе ругьун гьариялъул дарсаздаги тIурала, ай хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щула гьабула, калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго.

Хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан:

1. ХIадурлъиялъул заман.

2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман.

Гьеб кIиябго заманалда мугIалимас унго-унгояб кIвар кьезе ккола лъималаз гьаркьал ритIун рахъиялде, гьезда хъвазе-цIализе малъиялде, гьезул рагIул нахърател бечед гьабиялде, калам цебетIезабиялде.

Дарсазда лъимал ругьун гьарула предложениял рагIабазде, рагIаби слогазде риххизе; рагIабазулъ гьаркьазул тартиб бижизабизе, гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе. Лъималаз лъазабула гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе; рагIаби, слогал гIуцIизе ва цIализе; бичIчIун, битIун цин слогалккун, цинги рагIабиккун предложениял ва цоцазда хурхараб калам цIализе.

ЦIализе ругьун гьариялда цадахъ лъималазда хъвазеги малъула. Гьел ругьун гьарула гьаркьал хIарпаздалъун хъвазе, къотI-къотIараб азбукаялъул кумекалдалъун хIарпаздасан, слогаздасан рагIаби данде гьаризе, хъвавул ва басмаялъулаб тексталдаса хIарпал ва рагIаби битIун хъвазе, мугIалимас абурал хъваялъулъги цIалиялъулъги батIалъи гьечIел рагIаби ва гьединал рагIабаздасан данде гьарурал къокъал предложениял хъвазе, предложениялъул авалалда ва гIадамазул, хIайваназул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе. БитIунхъваялъул ва цIалиялъул иш мурадалде щвеялъе гIоло цIикIкIараб кIвар кьола рагIулъ ва слогалъулъ щибаб гьаракь батIа бахъиялде ва бихьизабиялде, гьел гьаркьазул тартиб ва цоцазда гьоркьоб бухьен чIезабиялде; цIалдохъабазул каламалъул лугби камиллъизариялде ва гьаркьал, слогал, рагIаби битIун абиялде.

Хъвай-цIали малъиялъул дарсазда лъималазул цогидазухъ гIенеккизе, мугIалимасул ва цогидал цIалдохъабазул калам тIубанго бичIчIизе бугеб бажари камил гьабула. Лъимал ругьунлъула классалда цере кIалъазе, мугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе, къваригIараб жо гьикъизе, цIалараб жоялъул, лъагIалил ункъабго заманалда жаниб гIадамаз гьабулеб хIалтIул хаслъиялъул ва хисардулеб тIабигIаталда хадуб жидерго халкквеязул, ралагьарал фильмазул хIакъалъулъ бицине.

Гьединго хъвай-цIали малъиялъул дарсал тIоритIулаго, цIалдохъабазул лъугьуна цIалиялъул бищун гIадатаб бажари. ТIоцебесеб классалда лъимал ругьунлъула бичIчIун, битIун, гIедегIичIого цIализе, тIехьгун ва текстгун хIалтIизе.

Хъвазе-цIализе малъулелъул, лъималазул психологиял хаслъабиги хIисабалде росун, мугIалимас дарсазда батIи-батIиял хIалтIаби тIоритIула, гьединго лъимал тIамула свак чучиялъе физкультминутка, расанди гьабизе ва кучIдул ахIизе.

Хъвазе-цIализе малъун хадуб авар мацIалъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мацIалъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бутIабаздасан:

Фонетика ва орфоэпия, графика, лексика, рагIул гIуцIи (морфемика), грамматика (морфология ва синтиксис);

БитIунхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби (пунктуация);

Калам цебетIей.

Программаялда авар мацIалъул курсалъул хIакъалъулъ, лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун, бищун гIадатал (авалиял) баянал кьун руго. МацIалъул гIемерисел бутIаби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула. Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги хIисабалде босун, гьел мацIалъул бутIаби ва темаби гъварид ва гIатIид гьаризе. Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги цIалдохъабазе щола 1 ва 2 классалда. Гьеб заманалда цIалдохъабазе щола гьаркьазул ва хIарпазул, рагьаралги рагьукъалги гьаркьазул, геминатазул ва лабиалиял гьаркьазул, алфавиталъул, ударениялъул ва слогалъул хIакъалъулъ авалиял баянал.

Лъималазда бажарула рагӀулъ гьаркьал битӀун абизе, абураб ва хъвараб рагӀулъ гьаркьал ва хӀарпал дандекквезе, алфавиталда ругел хӀарпазул цӀарал битӀун абизе, рагӀулъ гьаркьазул тартиб чӀезабизе, хӀарпал гьоркьор риччачӀого ва гьезул бакӀ хисичӀого рагӀаби хъвазе, слогалккун рагӀаби рикьизе, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратӀа рахъизе, лабиалиял гьаркьал битӀун абизе ва рагӀулъ гьел хӀарпаздалъун битӀун рихьизаризе, геминатал битӀун абизе ва рагӀулъ гьел хӀарпаздалъун битӀун рихьизаризе. III-IV классаздаги гьеб темаялда тӀад хӀалтӀи гьабула гьоркьоса къотӀичӀого. Лъималазда малъула гьаркьал хӀарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал ритӀун рахъизе, гьел рихьизарулел хӀарпал ритӀун хъвазе, рагӀи слогазде бикьизе, рагӀулъ ударение бугебги гьечӀебги слог батӀа бахъизе.

Лексикаялда хурхарал хӀалтӀаби гьарула ункъабго лъагӀалида жаниб. Гьединал хӀалтӀаби тӀоритӀула грамматика, рагӀул гӀуцӀи ва битӀунхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, цӀалул, битӀунхъваялъул ва калам цебетӀезабиялъул дарсазда лъималазда лъала предметал, гӀаламатал, ишал рихьизарулел рагӀабазул цӀарал ритӀун хӀалтӀизаризе, жидерго пикру загьир гьабизе, къваригӀараб рагӀи балагьизе. Гьединго гьез лъай-хъвай гьабула синонимазулгун, антонимазулгун, битӀараб ва хъвалсараб, цо ва гӀемер магӀнаялъул рагӀабазулгун.

РагӀул гӀуцӀиялъулгун цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала рагӀулъ магӀнаял бутӀаби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьинаризе, кьибил цоял рагӀаби цого цо рагӀул формабаздаса ратӀа гьаризе; рагӀул форма яги цӀияб рагӀи лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битӀун хисизе. Байбихьул классазда малъула каламалъул бутӀабиги. ТӀоцебесеб классалда, терминалги абичӀого, определение кьечӀого, суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предмет, предметалъул гӀаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби каламалъулъ хӀалтӀизаризе, суалазда рекъон предложениязда жанир гьел ратӀа рахъизе. КӀиабилеб классалда предмет, предметалъул гӀаламатал, предметалъул иш бихьизабулел

рагІабазул кьучІалда лъималаз лъай-хъвай гьабула предметияб цІаралъулгун,прилагательноялъулгун ва глаголалъулгун.

Лъабабилеб ва укъабилебклассазда гьелго каламалъул бутІаби дагьалги гъваридго малъула. Глаголзаманабазде хисизабизе, предметияб цІар падежазде сверизабизе, гьедингоприлагательноял жинсазде ва гІемерлъул формаялде хисизаризе жегигІатІидго ругьунлъула.

Предметияб цІаралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва гІемерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадияб форма малъула 3 абилеб классалда. Предметияб цІаралъул гІадатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бакІалъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абичІого, практикияб къагІидаялъ). Гьелда тІадеги, 3 – 4 классазда цІалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цІарубакІалъулгун ва рикІкІеналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къагІидаялъ. Наречиялъул хІакъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бакІ, заман, къадар, гІилла-мурад баян гьабулеб каламалъул бутІа кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай? кигІан? абурал суалазе жаваблъун бачІунеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул хІакъалъулъ цІалдохъабазе щола гьадинал баянал:

I. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги балагьун, гьелъул тайпаби;

2. Предложениялъул бетІерал в а бетІерал гурел членал;

3. Предложениялда жаниб рагІабазул бухьен;

4. ТІибитІараб ва тІибитІичІеб предложение;

5. ГІадатаб ва жубараб предложение;

6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. РагІабазул дандрай.

Гьезул хIакъалъулъ баян цIалдохъабазе щибаб классалда дагь-дагьккун щола.

1 классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде биххизе, рагIабаздаса предложениял ратIа гьаризе, гьел, интонацияги цIунун, цIализе, предложениялъул аваралда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI лъезе.

2 классалда цIалдохъабазда малъула предложениялъул бетIерал членал, кколеб интонацияги цIунун, предложение цIализе, предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе.

3 классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде биххизе, рагIабаздаса предложениял ратIа гьаризе, гьел, интонацияги цIунун, цIализе, предложениялъул аваралда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI лъезе.

4 классалда цIалдохъабазда малъула предложениялъул бетIерал членал, кколеб интонацияги цIунун, предложение цIализе, предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе.

5 классалда цIалдохъабазе щола рагIабазул дандраялъул, хабарияб, суалияб, тIалабияб ва ахIул предложениязул, предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членазул, гIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениязул, гIадатал ва журарал предложениязул хIакъалъулъ баянал.

6 классалда лъимал ругьун гьарула тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел ритIун цIализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бутIаби лъазарулаго, гьоркьоса къотIичIого, тIоритIула предложениялъулъ рагIабазул бухьен чIезабиялда, рагIабазул дандраял ратIа гьариялда ва гьел гIуцIиялда хурхарал хIалтIаби.

Классалдаса классалде гьварилъула гIадатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къагIидабиги.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби** абураб бутIаялъулъ аслияб бакI ккола тексталда тIад гьабулеб хIалтIиялъги гьеб текст бичIчIизе ва гIуцIизе, гьединго тексталда тIаса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул хIалтIабазги. Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда тексталда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналда. ХIакъикъаталда кIалзул ва хъвавул формаялда тексталда тIад хIалтIи щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мацIалда тIаса щвараб лъаялдаса жидер калам

цебетIезабиялъулъ пайда босизе.

«Текст. Бухьараб калам цебетIезаби» абураб разделалъулъ тексталда тIад гьабулеб хIалтIи гьал хадусел бутIабаздасан гIуцIун буго:

- тексталъул хIакъалъулъ бичIчIи (текст ккола магIнаялъул ва грамматикияб рахъалъ кIиго я цIикIкIун цоцазда рухьарал предложениял); текст ва гIаммаб темаялъ цолъизаричIел, батIаго ругел предложениял цоцаздаса ратIа гьариялъул бажари лъугьинаби;

- тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги хIакъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема чIезабизе бажари, ай тексталъулъ сундул хIакъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;

- тексталъул аслияб пикру; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;

- тексталда цIар лъей; тексталда цIар лъезе бажари (тексталъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги чIван);

- тексталъул гIуцIи; хабарияб текст бутIабазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бутIа ва ахир);

- тексталъул бутIабазда гьоркьоб бугеб бухьен; тексталъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бутIа ва байбихьи яги аслияб бутIа ва ахир цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари; гIуцIулеб тексталъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе бажари;

- тексталъул щибаб бутIаялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениял цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари, масала: цIарубакIал, союзал;

- тексталъулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; тексталъулъ метафорал, эпитетал, дандекквеял, олицетворениял рихьизаризе бажари; гьел киналго жидер каламалъулъ хIалтIизаризе бажари;

- Текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

- изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи; хIадурараб, яги киназго цадахъ гIуцIараб, ялъуни живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни

жиндирго пикру загьир гьабун) цIи гьабун хъвазе бажари;

- сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда тIасан, гьединго цо кинаб бугоники темаялда тIасан текст гIуцIизе бажари; цебеккунго киналго гIахьаллъун дандбараб текст хъвазе бажари;

Тексталда тIад хIалтIулаго, хIисабалде росула гьелъул хIасил, гIуцIи ва сипат-сурат гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе гIоло программаялъ тIалаб гьабулеб буго ричIчIизе бигьаял гьал хадусел литературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

- рагIаби битIун аби (орфоэпиял нормаби);

- предложенилял битIун гIуцIи ва рагIабазул дандраязулъ рагIабазул формаби битIун хIалтIизари (грамматикиял нормаби);

- магIнаялъул рахъги хIисабалде босун, рагIаби битIун хIалтIизари (рагIаби хIалтIизариялъул къагIидаби);

ЦIалдохъанасул калам цебетIезабиялъулъ хIакъикъиял хIасилал кьезе ккани, гьезда литературияб мацIалъул нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай гIоларо, къваригIуна авар мацIалъул ва цIалиялъул дарсазда, гьоркьоса къотIичIого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мацIалъул нормабазда тIад хIалтIи практикияб къагIидаялъ гьабула. Гьеб хIалтIи тIобитIула рахьдал мацIалъул темаби лъазарулагоги, класс тун къватIисел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги, цIалиялъул дарсаздаги тIубараб цIалул лъагIелалъ. ЦIалдохъаби ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалатIал цоцаз ритIизаризе ва батIи-батIиял тайпабазул словараздаса пайда босизе.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе чара гьечIого хIажалъула тайпа цоял членалгун гIадатал предложениялги кIиго гIадатаб предложениялдасан гIуцIараб журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, битIараб каламгун предложениялда хадуб хал кквезе, нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъай-хъвай гьабизе.

БитIараб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзрагIабигун

ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьулклассазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазехIадурлъулаго, гьединго творческиял хIалтIабазулъ риччарал гъалатIазуланализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIадеги,нилъеда лъала байбихьул классазул цIалдохъабаз жидер кIалзул ва хъвавулкаламалъулъ гьединал предложениял гIатIидго хIалтIизарулеллъи.Гьединлъидал мугIалимас хIаракат бахъизе ккола гьезул гIуцIиги, гьелкаламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъиги лъималазда бичIчIизабизе.

МугIалимас, гьоркьоса къотIичIого, кIвар кьезе ккола цIалдохъанасул, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго хIарпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инчIел рагIаби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, рагIаби ратIа тIун хъваялъулги, кIудияб хIарп хъваялъулги къагIидаби.

Берцинго хъваялъе, хатI куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIо. Гьединлъидал щибаб грамматикаялъул дарсида 8–10 минуталъ мугIалимас тIадчIей гьабула цIалдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бацIцIадгоги букIинабиялде. Гьаниб кьола хатIалъул хашлъи тIагIинабиялде руссарал ругьунлъиялъул тIадкъаял, рихьизарула мисалиял хIарпал ва рагIаби.

Дидактикаялъул кIвар бугел суалазул цояб ккола контролиял (хъвавул) хIалтIабазул хIасилазул кьучIалда цIалдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мацIалъул хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпабилъун ккола: тIаде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, гIинзул ва берзул диктант, творческияб диктант, хIадурлъиялъул ва тIасабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб рагIабазул къадар букIине бегьула:

II классалда – 8–10,

III классалда – 10–12,

IV классалда – 12–15.

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел рагIабазул къадар гIага-шагарго гьадинаб букIине бегьула:

I классалда – 10–15,

II классалда – 35–45,

III классалда – 55–60.

IV классалда – 70–75.

Ругьунлъиялъул изложениязе чIезабун буго гьаб къадар:

I классалда – 15–20,

II классалда – 45–55,

III классалда – 55–65.

IV классалда – 75–80.

Щибаб дарсида цIалдохъаби ругьунлъула цIалул тIехьгун хIалтIизе, битIун хъваялъеги цIалиялъеги жиндие къваригIунел къагIидаби, гьезда хурхарал хIалтIаби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, хIалтIабазе кьурал киналго тIадкъаял тартибалда тIуразе, гьезул мурад бичIчIизе.

Квалквал гьечIого, хадубккунги церехун ине лъималазе гIураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола батIи-батIиял дидактикиял хIаяздаса, хасго рекIелгьеялъул материалаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва битIунхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.)

Байбихьул классазул лъималазда кIоларо цо жоялда тIаде халат бахъун жидерго кIвар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида цIалдохъабигун хIалтIиялъул къагIидаби батIи-батIиял рукIине ккола (мугIалимазухъ гIенекки, гара-чIвари, тIахьалгун ва тетрадалгун хIалтIи, хъвавул ва кIалзул хIалтIаби иргаялда тIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. Жиндирго хIалбихьиялде, цIалдохъабазул лъаялде ва щибаб классалда гьабулеб хIалтIул шартIазде балагьун, мугIалимасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьулеб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе

**ЦIалул планалда авар мацIалъ ккураб бакI**

Байбихьул школалда авар мацI ва адабият лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 253 саг1ат, гьелда гьоркьоса авар мац1алъе 118 сагIат, адабияталъе – 135 саг1ат.

3 классалда авар мацIалъул дарсазе 34 с. кьун буго ( анкьида жаниб 1 с.).

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.
3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
4. ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.
5. ЦIалиялдехун интерес бижизаби.
6. Обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб) ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.
7. Эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.
8. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
9. ГIел бащадазда ва цIикIкIаразда цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
10. ХIинкъи гьечIеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гIумру гьабизе мурад лъей; творческияб хIалтIуде гьира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби; материалиял ва рухIиял бечелъабазул тIалаб-агъаз гьабизе бажари.

## Метапредметиял хIасилал

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.
2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.
3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.
4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.
5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизари.
6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиял стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.
7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикру загьир гьабизеги бажари, ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.
8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къайгьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъонкколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезегибажари.
10. Лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.
11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.

12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла бичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.

2. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

3. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

4. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.

5. ЗахIматал гурел тексталгIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.

6. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.

7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

8. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

# Курсалъул материал

## Каламалъул тайпаби

**ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIи.**

ГIадатаб гара-чIвариялъулъ цогидаз бицунеб жоялъул магIна ва мурад бичIчIи. ГIенеккун рагIараб калам данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. ПасихIго цIаларал яги художествияб къагIидаялъ рицарал маргъабазул, харбазул ва кучIдузул магIна бичIчIи ва лъурал суалазда рекъон гьезул хIасил бицин. Бицараб маргъаялъул ва хабаралъул хIасилалда тIасан кьурал суалазе жаваб гьаби. АскIов гIодов чIун, хабар-кIалалда вугев чиясул каламалъухъ гIенеккизе бугеб бажари цебетIезаби (ай гьеб каламалъул анализ гьабизеги, данде къотIарун, диалог гьоркьоб къотIизе тунгутIизеги, суалал кьезеги бажари).

**Гаргади.**

Хурхен гьабиялъул масъала хIасил кьолеб куцалда тIубазабиялъе гIоло цере лъурал шартIазда ва мурадазда рекъон гаргадиялъул къагIидаби тIаса рищи. Диалогалъулъ гIахьаллъизе лъай.

КIалъа-ралъай байбихьизе, гьоркьоб къотIизе тунгутIизе, лъугIизабизе ва жиндирго гIакълуялдалъун жиндехунго ракI цIазабизе бажари. Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гьорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, хабар бицине бажари. Каламалъул этикаялъул нормаби (ай салам кьезеги, къо-мех лъикI гьабизеги, тIаса лъугьинеги, баркала кьезеги, лъидехунниги гьаригун хитIаб гьабизеги) лъай. БитIун абиялъул нормаби ва интонация цIуни.

**ЦIали.**

ЦIалул текст бичIчIи. КъваригIараб материал батиялъул мурадалда тIаса бищун цIали. Тексталъулъ рихьдаего кьураб информация бати. Тексталъулъ бугеб информациялъул кьучIалда цо кинаб бугониги хIасилалде рачIине. Тексталъулъ бугеб информациялъе баян кьей ва гьеб гIаммлъизаби. Тексталъул хIасилалъул, гьелъул гIуцIиялъул ва мацIалъул хаслъиялъул анализ гьаби ва гьезие къимат кьей.

**Хъвадари.**

Гигиеналъул тIалабазда рекъон бичIчIулеб (бигьаго цIализе кIолеб), берцинаб хатIалъ хъвадаризе лъай. Лъазарурал къагIидабазда рекъон абун ва тIаде балагьун хъвай. ЦIалараб ва гIенеккун рагIараб тексталъул хIасил мухIканго яги тIаса бищун хъвай. Жиндир гIумруялъулъ ккараб лъугьа-бахъиналъул, сверухъ бугеб тIабигIаталъухъ халкквеялъул, пайдаял ишазул, литературиял асаразул ва гь.ц. хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, гьитIиналго харбал херхине.

## Авар мацIалъул курс

## 3 класс (34сагIат)

### КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи.

Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби.

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, ё, ю, я рагьарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал[4].

### Предложение. РагIабазул дандрай.

Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение.

Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение.

Предложениялъул бетIерал гурел членал.

Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

ГIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял. Предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишара. ГIадатал ва журарал предложениял.

---

[4] Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал, геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъиялда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналъ. Гьел хIалтIаби гьарула цIалулги грамматикаялъулги дарсазда дагьа-дагьаб заманги кьун.

РагІабазул дандрай. РагІабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагІи. РагІабазул дандраязулъ рагІабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

## Текст

Текст, тексталъул гІаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цІар лъей.

## РагІул гІуцІи

МагІна гІагарал рагІаби. РагІул магІнаял бутІабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хІакъалъулъ гІаммаб бичІчІи. Ахиразул кумекалдалъун рагІул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цІиял рагІаби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял рагІаби ва цого цо рагІул формаби (дандекквей).

РагІул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял (лъай-хъвай гьаби).

## Лексика[5]

РагІул лексикияб магІна (гІаммаб бичІчІи). ГІемер магІнаялъулал рагІаби. БитІараб ва хъвалсараб магІнаялда рагІаби хІалтІизари. Синонимал. Антонимал.

## Каламалъул бутІаби

Предметияб цІаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рикІкІеналъулгун, цІарубакІалъулгун[6], наречиялъулгун[7] гІаммаб лъай-хъвай гьаби.

**Предметияб цІар.** Предметияб цІаралъул магІна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тІубалеб хъулухъ. Хасал ва гІаммал предметиял цІарал. Хасал предметиял цІаразул бетІералда кІудияб хІарп. Предметияб цІаралъул жинс: чиясул, чІужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметияб цІаралъул цолъул ва гІемерлъул форма. ГІицІго цолъул формаялда хІалтІизарулел яги гІицІго гІемерлъул формаялда хІалтІизарулел предметиял цІарал[8].

---

[5] Лексикаялда тІад хІалтІи тІобитІула предметияб цІар, прилагательное, глагол лъазабулаго, гьединго цІалиялъул дарсазда.

[6] Гьеб каламалъулъ хІалтІизабиялда хадуб тІубараб цІалул лъагІелалъ хал кквела.

[7] Гьеб каламалъулъ хІалтІизабиялда хадуб тІубараб цІалул лъагІелалъ хал кквела.

[8] Гьел каламалъулъ хІалтІизариялда хадуб тІубараб цІалул лъагІелалъ хал кквела.

Предметиял цIарал падежазде свери *(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. важинда п.).*

**Прилагательное.** Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Гого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.

**РикIкIен.** РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай.

**Глагол.** Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.

Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Гого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал каламалъулъ хIалтIизари.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби[9]**

Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гIаммаб бичIчIи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. ЦIалараб текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гIуцIараб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай.

Сюжет гьечIелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

Жидер расандабазул, тIабигIаталда хадуб халкквеялъул, рекIел-гьеялъул, экскурсиязул, гьудул-гьалмагъзабазул хIакъалъулъ къокъго бицине бажари.

[6] Гьеб каламалъулъ хIалтIизабиялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ хал кквела.

[7] Гьеб каламалъулъ хIалтIизабиялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ хал кквела.

[8] Гьел каламалъулъ хIалтIизариялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ хал кквела.

Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, къокъаб сочинение хъвазе лъай.

Жиндир ишазул хIакъалъулъ гьитIинабго кагъат хъвазе лъай.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби**

Текст ва предложение. РагIул магIнаял бутIаби. Каламалъул бутIаби.

**Берцинго хъвай.**[10]

Берцинго хъвазе, хатI куцазе цересел классазда щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе захIматал гьитIинал ва кIудиял хIарпазул ва гьезул цолъиязул мисалиял группаби:

I) з, к, ж, в, ч, б, д, у, я, кI, къ, кь, кв;

2) Г, П, Т, Р, З, Е, Ю, У, Д, Ф, К, В, КI, Кь, Къ, Кв;

3) Пп, Чч, Рр, Вв, Ее, Зз, Уу, Къкъ, Кькь, КIкI, Кв, ккв, Ол, ое, во, вл, се, ква, хIу, хIо, гьа, гье, гьо, цI, Щв, ХIа, Гьи, Гьо, ТIа, Ге, Бе, КIа.

ГьитIиналго текстал, предложениял, рагIаби берцинго ва рацIцIадго хъвазе ругьун гьари.

**БитIун хъвазе захIматал рагIаби:** хIукму, сихIру, макру, гIазу, магIу, макьу, сабру, гIакълу, рагьу, квердаххелал, квасквас, габурбухь, рицIигъветI, рицIимахIу, гIачимухъ, цIоросарикIкI, цIумагъеду, ордек, председатель, приказ, радио, общество, солдат, республика, автономия, агъазгьечI, адаб-хъатир, бижарабжо, годекан, гьабугьин, гьабсагIат, гIададакъад, эбел-инсул, костюм, кIийихъан, кIикIвенкь, кIиабилеб, анцIила лъабабилеб, анцIила щуго.

[9] Калам гIуцIизе ругьун гьариялъе программаялда хасаб заман бихьизабуларо. Гьеб темаялда хурхарал хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир гьаризе ккола. Ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, хасал дарсазе литературияб цIалиялъе бихьизабураб заманалдаса ичIго сагIат кьун буго.

[10] Берцинго хъвазе ругьун гьариялде мугIалимас щибаб грамматикаялъул дарсида кIвар кьола.

## Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал:**

- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;
- мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;
- инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

- рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;
- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;
- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIализе, хъвадаризе, цIалул тIехьгун хIалтIизе бугел) бажариял куцай;
- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гьалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;
- мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;
- хурхен гьабиялъул батIи-батIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, лъабабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

- авар мацIалъе хасиятал гьаркьал (хIарпал): *хl, гь, кь, къ, тl* ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал къосинчIого ритIун рахъизе ва гьел гъорлъ ругел рагIаби, предложениял, гьалатI биччачIого, чвахун цIализе;

- рагIаби, предложениял, 40–50 рагIи бугел текстал, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе;

- рагIул фонетикияб разбор гьабизе: рагIаби слогазде риххизе, ударение бугелги гьечIелги слогал ратIа рахъизе, рагьарал ва рагьукъал хIарпал ратизе, рагIулъ гьезул къадар чIезабизе;

- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (кьибил, аслу, суффикс, ахир ратIа рахъи);

- батIи-батIиял каламалъул бутIабазул кьибил цоял рагIаби тIаса рищизе;

- каламалъул бутIаби ва гьезул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе;

- предметиял цIаразул гIемерлъул форма лъугьинабизе;

- предметиял цIарал падежазде сверизаризе;

предметияб цIаралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва гIемерлъул формаялде хисизе;

- къадаралъул ва иргадул рикIкIенал цоцаздаса ратIа рахъизе ва гьел битIун хъвайзе;

- глаголал заманабазде хисизе;

- текстазулъ синонимал ва антонимал ралагьизе ва хIалтIизаризе (терминал чара гьечIого лъазе кколаро);

- предложениялда жаниб суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе, рагIабазул дандраял ратизе;

- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе, бетIерал ва бетIерал гурел членал ратIа рахъизе, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе, гIадатаб тIибитIараб ва кIиго предложениялдасан гIуцIараб жубараб предложение бихьизабизе);

- предложениялъул интонация цIунизе;

- текст бутIабазде биххизе, магIна бугеб тексталъул бутIа цIияб мухъидаса хъвазе;

- тексталъулъ предложениязда гьоркьоб бухьен чIезабизе;

- темаялда мугъги чIван, тексталъе цIар лъезе, тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе;

- рагIабазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи батизе;

- киназго цадахъ гIуцIараб планалда рекъон ругьунлъиялъул изложение хъвазе;

- тексталъул тайпа бихьизабизе, ай хабариял, сипатиял ва пикриял текстал цоцаздаса ратIа рахъизе;

- цебекунго хIадурлъиги гьабун, тIабигIаталъухъ халкквеялъул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталда тIаса сочинение хъвазе;

- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текст гIуцIизе.

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**3 КЛАСС (34 сагIат, анкьида жаниб 1 сагIат)**

| Тема | Темаялъе баян | Гъаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| ТIоцебесеб четверть 8 сагIат) | | |
| КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гъаби (3 сагIат) | МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи.<br>Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби.<br>Гъаркьал ва хIарпал. Рагъарал ва рагъукъал гъаркьал. **Е, ё, ю, я** рагъарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гъаркьал.<br>Грамматикиял тIадкъаялгун диктант. | Учебникалъулгун лъай-хъвай гъабула. ГIадамазул гIумруялъулъ каламалъул бугеб кIваралъулги кIалзул ва хъвавул каламалъул хаслъабазулги бицуна. Суратаздасан текстал гIуцIула. Текстазе цIарал кьола. Текстазул темаби баян гъарула. Текстазулъ предложениязул къадар чIезабула (щибаб предложениялъулъ цо сундулниги бицуна, щибаб предложениялъул ахиралда гъаракь гIодоцинабула, лъалхъи гъабула). Предложениялъул хIакъалъулъ бугеб лъай мухIкан гъабула. Хъвавул ва кIалзул каламалъулъ предложениял цоцаздаса ратIа гъаризе бугеб бажари цебетIезабула. Цо кинаб бугониги темаялда тIасан текст гIуцIула. Тексталъул ратIатIурал предложенияздаса бугеб батIалъи бихьизабула. Предложениялъулъ бетIерал членал рихьизарула.<br>Суалаздалъун каламалъул бутIаби рихьизарула. БатIи-батIиял рагIабазул дандраял гIуцIула (прилагательное + предметияб цIар, предметияб цIар + прилагательное). Учебникалдаса текстал ва предложениял, тIаде балагьун, хъвала, цебеккунго гьезул анализги гьабун.<br>Гъаракь ва хIарп, рагъарал ва рагъукъал гъаркьал ратIа рахъулаго, рагIабазул гъаркьилабгин хIарпалъулаб анализ |

| | | |
|---|---|---|
| | | гьабула. ХIарпазе характеристика кьола. Гьаркьалги хIарпалги рагIулъ битIун абиялда хадуб халккола. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун цIализе ва гьел рихьизарулел хIарпал битIун хъвазе бугеб бажари щула гьабула. *Ццин, квачI* гIадал рагIабазул фонетикияб разбор гьабула. |
| Предложение. РагIабазул дандрай. (5 сагIат) | Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение. Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение. Предложениялъул бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. ГIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял. ГIадатал ва журарал предложениял. РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи. | Предложениялъул хаслъабазда хадуб халккола. Сураталдасан магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьарал предложениял гIуцIула. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалъухъ ва интонациялъухъ балагьун, рикьун ругел хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложенияздаги тIиритIарал ва тIиритIичIел предложенияздаги хадуб халккола. Предложениялъулъ рагIабазе магIнаялъулал суалал лъола. Предложениялъул грамматикияб аслу бихьизабула. Предложениялъул бетIерал гурел членал ратула. Предложениялъулъ рагIабазул дандраял ратIа гьарула. РагIабазул дандраял гIуцIула. Предложениязул гIурхъи чIезабула. Предложение битIун хъван бахъинабула (предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвала, предложениялъул ахиралда къваригIараб лъалхъул ишара лъола). Сураталдасан предложениял гIуцIула. Суалаздалъун текс цIидасан гIуцIула. Тексталъул бутIабазул тартиб чIезабула. Тексталда цIар лъола. Жидеца халккураб жоялда тIасан хабар (текст) гIуцIула. |

| | | |
|---|---|---|
| | РагIабазул дандраязулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. Цо кинаб бугониги темаялда тIасан сочинение. Ругьунлъиялъул изложение. | Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, учебникалдаса текстал, тIаде балагьун, хъвала. |
| КIиабилеб четверть (8 саг1ат) | | |
| РагIул гIуцIи (6 сагIат) | МагIна гIагарал рагIаби. Кьибил ва кьибил цоял рагIаби. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби. РагIул ахир ва аслу. Суффикс. Ахиразул кумекалдалъун рагIул форма хиси ва суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьин. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Тексталъул гIуцIи. Текст рекIехъе хъвай. Текст гIуцIи. Хабарияб текст. | ГIаммаб бутIа ва гIаммаб магIна бихьизабула. Кьибил цоял рагIаби ралагьула, кьибил бихьизабула. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби дандекквела. РагIул гIуцIиялъул схемаялъул анализ гьабула ва гьелъие рагIаби тIасарищула. РагIул ахир ва аслу бихьизабула. Ахиралъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула (предложениялъулъ ва рагIабазул дандраялъулъ ахиралъ рагIаби магIнаялъул рахъалъ цоцалъ рекъезарула). РагIулъ суффикс бихьизабула. Суффиксалъул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьинарула. РагIул гIуцIиялъул разбор гьабула. Аслуялъулъ гьаркьал хисиялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула. РагIабиги батIи-батIиял |

| | | |
|---|---|---|
| | Сураталдасан сочинение. Суалазда рекъон изложение. Контролияб диктант. | формабазде хисун, предложениял гІуцІула. Учебникалдаса текстал хъвала, гьезда цІарал лъола, гьел бутІабазде рихxула. Текст рекІехъе хъвала. Планалда рекъон рагІул гІуцІиялъул хІакъалъулъ бицуна. Хабарияб тексталъул анализги гьабун, изложение хъвала. Планалда рекъон хабарияб текст гІуцІула. Сураталдасан сочинение хъвала, гьелъул хал гьабула. |
| Каламалъул бутІаби (1 сагІат) | Авар мацІалъул каламалъул бутІаби: предметияб цІар, прилагательное, глагол, рикІкІен, цІарубакІ ва наречие. Каламалъул бутІаби цоцаздаса ратІарахъи. Каламалъул бутІабазул синтаксисияб роль. Хабарияб текст (гІаммаб бичІчІи), Хабарияб тексталъул изложение. | МагІнаялъухъ, суалазухъ ва предложениялъулъ тІубалеб хъулухъалъухъ балагьун, каламалъул бутІаби лъазарула. Каламалъул бутІабазде рагІаби рикьула. Тексталъул анализ гьабула: предложениязул гІурхъи бихьизабула, предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби лъола. Цо кинаб бугониги каламалъул бутІа гъорлъеги ккезабун, предложениял гІуцІула. Предложениял членазде рихxула, гьел членаллъун кинал каламалъул бутІаби ккун ругелали баян гьабула. Каламалъул бутІа хІисабалда рагІул ва предложениялъул членалъул магІнаби дандекквела. Хабарияб тексталъул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Тексталда цІар лъезеги бутІабиккун гьеб бицинеги бугеб бажари цебетІезабула. Планалда рекъон текст гІуцІула. |
| Предметияб цІар (1 сагІат) | Предметияб цІаралъул магІна, гьелъие лъолел суалал ва | Предметияб цІаралъул лексикияб магІнаялъулгун ва гьелъие лъолел суалазулгун лъай-хъвай гьабула. |

| | | |
|---|---|---|
| | предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. | Предметияб цIаралъул хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинабула. Каламалъулъ предметиял цIараз тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. |
| Лъабабилеб четверть (11 сагIат) | | |
| Предметияб цIар (Хадусеб бутIа) (7 сагIат) | Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал предметиял цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Предметияб цIаралъул жинс: чиясул, чIужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел яги гIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал. Предметиял цIарал падежазде свери *(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п.* ва *жинда п.).* Ругьунлъиялъул изложение. Контролияб диктант. | Инсан вихьизабулел предметиял цIарал цогидал предметиял цIараздаса ратIа гьарула, гьезие битIун суалал лъола. РагIул лексикияб магIна мухIкан гьабула. ГIезегIанго предметиял цIаразул цо чанго магIна (ай гIемер магIна) букIиналде кIвар буссинабула. ГIаммал ва хасал предметиял цIарал дандекквела. Хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе кколеблъи ракIалде щвезабула. ХIайваназул цIараздаги ва хIайваназда лъурал тIокIцIараздаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабула. Цо-цо предметиял цIарал гIаммаллъунги хасаллъунги рукIунелльи лъазабула. Предметияб цIаралъул жинс бихьизабиялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула. Предметиял цIаразда рухьарал рагIабазул жинсиял гIаламатаздалъун жинс чIезабизе ругьунлъула. МагIнаялде ва суффиксазде балагьун, цолъул ва гIемерлъул формаялда ругел рагIаби ратIа гьарула. Каламалъулъ цIикIкIун хIалтIизарулел предметиял цIарал цолъул ва гIемерлъул формабазде хисизарула. Предметиял цIарал падежазде сверизаризе ругьунлъула. Падежазул хаслъабазда хадуб халккола. Суалаздалъун рагIабазул дандраялъулъ ва |

| | | |
|---|---|---|
| | | предложениялъулъ предметияб цIаралъул падеж чIезабула. БатIи-батIиял падежазул формабазда ругел предметиял цIаразул предложениялъулъ бугеб кIваралъулгун лъай-хъвай гьабула. Подлежащеелъун ккараб предметияб цIаралъул падеж бихьизабиялъул бажари цебетIезабула. Кьурал грамматикиял гIаламатаздалъун предметиял цIаразда гьоркьоса цояб тIаса бищула. Предметиял цIаралъул разбор гьабула: ай жинс, падеж, форма бихьизабула. Предложениял членазде риххула. БатIи-батIиял тайпабазул предложениял гIуцIула ва хъвала. Словариял диктантал гьарула. БицанкIаби чIвала ва жавабал хъвала. БатIи-батIиял темабазда тIасан харбал (текстал) гIуцIула. Сураталъулаб диктант хъвала. Сураталде балагьун, текст гIуцIула. Учебникалдаса текстал хъвала ва, гьезул тайпаби (хабариял, сипатиял ва пикриял) чIезабулаго, анализ гьабула. Цо лъихъениги кагътал хъвазе ругьунлъула. Ругьунлъиялъул изложение хъвала. КучIдул пасихIго цIализе ругьунлъула. Предложениял кколеб тартибалдаги лъун, текстал гIуцIула. ГIинзулалгин берзулал диктантал хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун диктант хъвала. Диктанталъулъ ккарал гъалатIазул анализ гьабула. |
| Прилагательное (4 сагIат) | Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ | Прилагательноялъул гIаламатазулгун лъай-хъвай гьабула. Каламалъулъ прилагательнояз тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. Тексталъулъ |

| | | |
|---|---|---|
| | тIубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси. ГIелмияб текст ва гьелъул хаслъаби. Сипатияб текст, гьелъулъ прилагательноялъул бугеб кIвар. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант. | прилагательноял суалазул кумекалдалъун рихьизаризе ругьунлъула. Предметияб цIаралда прилагательное бараб букIин баян гьабула. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул бажари цебетIезабула. Прилагательноял-синонимазул ва прилагательноял-антонимазул хIакъалъулъ бугеб лъай гъварид гьабула, каламалъулъ гьел битIун хIалтIизариялъул бажари цебетIезабула. Прилагательное жинсазде хисиялда хадуб халккола. Тексталъулъ ва предложениялъулъ прилагательноязул жинс ва цолъул ва гIемерлъул форма бихьизабула. Прилагательноялъул цолъул ва гIемерлъул формаялъул суффиксал битIун хъвазе ругьунлъула. Предметиял цIаразе рекъон ккарал прилагательноял тIаса рищула («прилагательное + предметияб цIар» гIадал рагIабазул дандраял гIуцIула). Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьуна. Предложениялъулъ прилагательноялъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула. Прилагательноялгун предложениял гIуцIула (схемаялда рекъонги). Берзулгин гIинзул диктантал хъвала. БицанкIабазе жавабал ратула ва гьел хъвала. Киназго гIуцIараб планалда рекъон гIелмияб тексталъул изложение хъвала. Сипатияб тексталъул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула, сипатияб текст гIуцIула ва гIуцIараб тексталъул анализ гьабула, гьелъие къимат кьола. Грамматикиял |

| | | |
|---|---|---|
| | | тIадкъаялгун, контролияб диктант хъвала. |
| Ункъабилеб четверть ( 7 сагIат) | | |
| РикIкIен<br>(1 сагIат) | РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?).<br>Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай. | РикIкIеналъул хIакъалъулъ бичIчIи кьола, рикIкIеналъул лексикияб магIнаялъулгун ва гьелъие лъолел суалазулгун лъай-хъвай гьабула, каламалъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. Тексталъулъ рикIкIенал битIун хъвазе ругьунлъула. РикIкIенал предметиял цIаралгун рухьун рукIунеллъи бичIчIула. Къадаралъул рикIкIеналда хадуб предметияб цIар кидаго цолъул формаялда букIунеблъи лъала. Берзул диктант хъвала. РагIабиги дандран, предложениял гIуцIула ва хъвала. Суалазул кумекалдалъун текст гIуцIула. Текстазда тIад хIалтIула. БицанкIабазе жавабал ратула ва хъвала. |
| Глагол (6 сагIат) | Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.<br>Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.<br>Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги | Каламалъул бутIа хIисабалда глаголалъул хаслъиялда хадуб халккола. Цогидал каламалъул бутIабазулъ, магIнаялде ва суалазде балагьун, глагол бихьизабула. Нилъер каламалъулъ глаголалъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула. Предложениял членазде рихизаризе ругьунлъула. Глаголазул лексикияб магIна мухIкан гьабула (гIемер магIна букIин, синонимал, антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъулги битIараб ва хъвалсараб магIнаялъулги глаголал каламалъулъ хIалтIизаризе ругьун гьарула. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазулгун лъай-хъвай гьабула. Предложениялъулъ рагIаби рекъон ккезаризе бугеб бажари цебетIезабула. |

| | | |
|---|---|---|
| | гІаксаб магІнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гІемер магІнаялъул глаголал. БитІараб ва хъвалсараб магІнаялъул глаголал. Сураталдасан сочинение. Пикрияб тексталъул хаслъаби. Ругьунлъиялъул изложение. Планалда рекъон изложение. Грамматикиял тІадкъаялгун контролияб диктант. | Глаголал заманазде ва формабазде хисиялда хадуб халккола. Суалалде ва магІнаялде балагьун, глаголалъул заман ва цолъул ва гІемерлъул форма чІезабула. Араб, бачІунеб заманалъул гІадатал ва составиял формаби лъугьинаризе ругьунлъула. Суалаздалъун араб заманалъул глаголал ратІа гьарула. БачІунеб ва гІахьалаб заманалъул глаголал ратІа гьаризеги гьезие суалал лъезеги бажарула. Суалазул кумекалдалъун гьанже заманалъул глаголал ратІа гьаризеги цогидал заманаздаса гьел лъугьинаризеги бажарула. Суалаздалъун глаголалъул мурадияб форма лъазабула. Предложениялъулъ бугеб глаголалъул кІварги бихьизабун, предложениялъул синтаксисияб разбор гьабула. Глаголалги гьорлъе ккезарун, предложениял гІуцІула. Кьураб темаялда тІасан предложениял гІуцІула ва, баянги кьун, хъвала. КечІ рекІехъе хъвала. Тексталъулъ гІемер магІнаялъул глаголал ратула. Пикрияб тексталъул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Пикриял текстал гІуцІизе ругьунлъула. Лъурал суалазда рекъон сураталдасан хабар гІуцІула, хабаралда цІар лъола. Цадахъго гІуцІараб планалда рекъон хабарияб тексталъул изложение хъвала. Эркенаб диктант хъвала. Грамматикиял тІадкъаялгун, контролияб диктант хъвала. |

3 класс

| № урока | Программный материал | К-во час. | Дата |
|---|---|---|---|
| | **Такрар гьаби. Текст.- 3 саг1ат** | | |
| 1 | Калам. Текст. Предложение. Раг1и. | 1 | |
| 2 | Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | |
| 3 | Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. | 1 | |
| | **Предложение – 5 саг1ат** | | |
| 4 | Хабарияб, суалиял ва т1алабиял предложениял | 1 | |
| 5 | Ах1ул предложениял. Раг1абазул диктант. | 1 | |
| 6 | Бет1ерал ва бет1ерал гурел предложениялъул членал. | 1 | |
| 7 | Предложениялъулъ раг1абазул бухьен. | 1 | |
| 8 | Раг1абазул дандрай | 1 | |
| | **Раг1ул г1уц1и – 6 саг1ат** | | |
| 9 | Маг1на г1агарал раг1аби. | 1 | |
| 10 | Кьибил. | 1 | |
| 11 | Диктант. | 1 | |
| 12 | Раг1ул ахир ва аслу. | 1 | |
| 13 | Суффикс. | 1 | |
| 14 | Раг1ул аслуялъулъ гьаркьазул хиси. | 1 | |
| | **Каламалъул бут1аби – 1 саг1ат** | | |
| 15 | Каламалъул бут1аби. | 1 | |
| | **Предметияб ц1ар – 8 саг1ат** | | |
| 16 | Предметияб ц1ар | 1 | |
| 17 | Г1аммал ц1арал. Берзул диктант. | 1 | |
| 18 | Хасал ц1арал. | 1 | |
| 19 | Предметияб ц1арул жинс. | 1 | |
| 20 | Предметияб ц1ар формабазде хиси | 1 | |
| 21 | Предметияб ц1ар падежазде хиси | 1 | |
| 22 | Предметияб ц1ар падежазде хиси | 1 | |
| 23 | Диктант | 1 | |
| | **Прилагательное – 4 саг1ат** | | |
| 24 | Прилагательное. Раг1абазул диктант | 1 | |
| 25 | Маг1на г1агаралги г1акса маг1наялъулги прилагательноял | 1 | |
| 26 | Прилагательноял жинсазде хиси | 1 | |
| 27 | Прилагательноял формабазде хиси | 1 | |
| | **Рик1к1ен – 1 саг1ат** | | |
| 28 | Рик1к1ен | 1 | |
| | **Глагол – 6 саг1ат** | | |
| 29 | Глагол. | 1 | |
| 30 | Глагол заманабазде хиси. Араб заман. | 1 | |
| 31 | Бач1унеб заман. Раг1абазул диктант | 1 | |
| 32 | Г1ахьалаб заман. Гьанже заман | 1 | |
| 33 | Контролияб диктант | 1 | |
| 34 | Такрар гьаби. | 1 | |